



## Pwosesis Jwenn Travay nan Vil la nan SuccessLink - Lis Verifikasyon Dokiman

### Non Jèn Nan: \_\_\_\_\_

- ★ Pou travay nan depatman Vil Boston yo, ou **dwe** pote tout dokiman ki annapre yo an pèsòn nan Biwo Anplwa ak Opòtinite pou Jèn nan **1483 Tremont Street** pou verifikasyon I-9 verification ak preparasyon yon pèmi travay.
- ★ Ou gendwa fè vizit ou a imedyatman ke w jwenn yon òf travay nan men yon anplwayè Vil la, epi w dwe fè sa avan premye jou travay ou a sinon w **pa kapab** kòmanse travay! Li rekòmande ke w **kòmanse rasanble dokiman sa yo imedyatman ke w aplike!**
- ★ Pou senplifye pwosesis la, ou gendwa soumèt dokiman eskane nan pòtay anboch Cil la (iCIMS) **avan** vizit ou a.
- ★ Sa ki annapre a se yon lis dokiman yo aksepte ke w dwe pote nan biwo a epi soumèt yo sou pwofil anplwaye w la. **YO PA AKSEPTE kopi dokiman sa yo.** Ou kapab jwenn yon lis konplè ki kapab sèvi pou verifikasyon I-9 ou a [la a](#).

### 1) Prèv ou se Sitwayen Ameriken oswa Etranje Rezidan ak Prèv laj (ou dwe bay youn nan sa ki annapre yo)

- Sètifika Nesans Ameriken (ki fèt nan Etazini) - **Si w te fèt nan Vil Boston men w pa genyen yon kopi sètifika nesans ou SuccessLink kapab mande youn pou ou gratis.**
- Kat Rezidan Etranje w(li dwe valid- li pa kapab ekspire)
- Sètifika Nesans Pòtoriken (li dwe fèt nan dat oswa apre 01/07/10 pou li valid)
- Paspò Etranje Etranje ak So I-551 Vizib sou li(li dwe valid- li pa kapab ekspire)
- Kat Enskripsyon Anplwa(li dwe valid- li pa kapab ekspire)
- Sètifika Sitwayènte oswa Natiralizasyon
- Paspò Ameriken(li dwe valid- li pa kapab ekspire)

### 2) Nimewo Sekirite Sosyal

- Kat Sekirite Sosyal, foto li, oswa lòt dokiman ke w prezante avèk li pou asire ke li kòrèk.

### 3) Pèmi Anplwa pou Jèn Massachusetts (mwens pase 18 an sèlman)

- Lyen ki anvan an pral mennen w sou yon fòmilè Aplikasyon Pèmi Travay MA ki vyèj. Aplikasyon an egzijze siyati yon doktè si jèn nan genyen 14 oswa 15 an (16 ak 17 an PA LADANN), siyati paran/gadyen, biwo YEO/SuccessLink, kote jèn nan pral travay la. Tanpri [klike la a](#) pou plis enfòmasyon sou pwosesis pèmi an.

### 4) Kontra Anplwaye SuccessLink (sou paj 2)

- Tanpri li kontra a sou lòt paj la epi siyen. Li egzijze siyati yon paran/gadyen si ou genyen mwens pase 18 an.

### 5) Prèv Enskripsyon Lekòl ak Rezidans nan Boston<sup>1</sup>

#### Egzijans pou Elèv Boston Public School, Boston Charter School, ak METCO:

##### Dwe prezante **YOUN (1) nan dokiman ki annapre nan seksyon sa a**

- Paj "Enfòmasyon" BPS Aspen ajou oswa paj jesyon anliy pwofil elèv ki montre pwofil ak adrès elèv la
- Kanè OSWA Bilten Pwogrè ane a
- Lèt siyen administratè lekòl la ak antèt lekòl la ki genyen adrès ladann pou ane lekòl aktyèl la

-----OSWA-----

- Kat Idantifikasyon/ Kat BPS One EPI **Prezante YOUN (1) nan dokiman seksyon II ki annapre yo:**

#### Egzijans Lekòl Prive ak Elèv ki pa BPS:

<sup>1</sup>Politik rezidans sa a pa aplikab pou jèn ki sanzabri oswa ki deplase. Tanpri rele alavans pou plis enfòmasyon si w sanzabri oswa deplase.

<sup>2</sup>Tanpri swiv lyen sa yo pou yon lis konplè [Boston Public School](#), [Boston Charter School](#), ak [lekòl distri METCO](#).

<sup>3</sup>Yon lè dwe genyen ladann antèt, yon adrès ki koresponn ak prèv adrès lekòl la, ak non jèn oswa paran/gadyen li.

<sup>4</sup>Ajans gouvènman apwouve: Depatman Revni (DOR), Sèvis Timoun ak Fanmi (DCF), Asistans Tranzisyonèl (DTA), Sèvis Jèn (DYS), Sekirite Sosyal, Commonwealth of Massachusetts



**Dwe prezante YOUN (1) nan dokiman ki annapre nan seksyon sa a**

- Paj jesyon anliy pwofil elèv ki montre pwofil ak adrès elèv la
- Kanè OSWA Bilten Pwogrè ane a
- Lèt siyen administratè lekòl la ak antèt lekòl la ki genyen adrès jèn nan ladann pou ane lekòl aktyèl la

-----EPI-----

**Prezante YOUN (1) nan dokiman annapre yo nan seksyon sa a** ★ Dokiman sa yo gendwa sou non paran/gadyen men li ta dwe koresponn ak prèv adrès la. ★ Y ap aksepte dokiman sa yo sèlman si yo te fèt nan entèval 90 jou avan jodi a.

- Fakti Gaz oswa Petwòl
- Fakti Elekstrisite
- Fakti Kab
- Fakti Telefòn Fiks
- Kontra Lokasyon Ajou
- Relve Bankè
- Relve Kat Kredi
- Fakti Dlo
- Anrejistreman oswa Asirans Machin (li dwe ajou)
- Yon Lèt ki Soti nan Yon Ajans Gouvènman Apwouve<sup>4</sup>

## SuccessLink - Kontra Jèn: Anplwaye

Non Jèn Anplwaye a (tanpri ekri an lèt detache): \_\_\_\_\_

Non Sit Travay la (tanpri an lèt detache): \_\_\_\_\_

### Kòd Konduit SuccessLink lan

**Antanke anplwaye SuccessLink, mwen konprann epi dakò ak atik ki annapre yo:**

- M ap ankouraje yon anviwònman travay san danje pou mwen, kòlèg mwen yo, ak moun m ap sèvi nan pòs mwen okipe a.
- M ap rive alè nan orè m nan oswa rele sipèvizè mwen si m ap rive anreta.
- M ap abiye jan sit travay mwen egzije sa.
- M ap aji nan fason pwofesyonèl, ak jantiyès, koutwazi, respè nèt ale.
- Pandan mwen nan espas travay la mwen p ap pote alkòl, pwodui tabak, dwòg, zam, oswa lòt materyèl inapwopriye.
- Mwen p ap pale nan fason ki apwopriye ni di betiz.
- Mwen p ap fè menas ni aji ak vyolans.
- M ap respekte règlemantasyon konsènan fèy jesyon tan an: M ap ponnche lè orè travay mwen kòmanse epi ponnche lè travay mwen fini, epi konprann ke fèy jesyon tan an pral reflekte sèlman lè ke mwen te enskri ladann yo epi ke mwen p ap touche pou peryòd poz mwen an.
- M ap respekte règlemantasyon konsènan chèk: Mwen se sèl moun k ap siyen pou chèk mwen lè sipèvizè sit mwen an ap distribye li, epi konprann ke ankenn lòt moun p ap kapab siyen pou pran chèk mwen pou mwen.
- M ap touche pou yon maksimòm 10 èdtan pa semèn pandan ane lekòl la ak 25 èdtan pandan ete a.

Lefèt ke mwen siyen annapre a, vle di mwen dakò ak kontra ansanm ak règlemantasyon ki anvan yo. Echèk pou mwen konfòme m ak politik ki anvan yo ka debouche sou revokasyon m nan travay mwen nan Pwogram Anplwa SuccessLink lan.

X \_\_\_\_\_  
(Siyati Anplwaye a)

X \_\_\_\_\_  
(Dat)

### Konsantman Successlink ak Piblikasyon Medya

**Antanke anplwaye SuccessLink, mwen konprann epi dakò ak atik ki annapre yo:**

- Mwen bay Depatman Angajman Jèn ak Anplwa ansanm ak lòt òganizasyon ki patnè yo pou anrejistre, filme/fè foto, oswa fè entèvyou avèk mwen nan evènman ki gen rapò ak pwogram anplwa a epi konprann ke imaj, entèvyou oswa lòt piblikasyon sa yo



pral sèvi espesyalman nan objektif san pwofi ak/oswa finansman gouvènman vil la.

- Mwen otorize piblikasyon non mwen, aparans, ak pawòl mwen pandan tout dire Pwogram Anplwa Jèn SuccessLink lan.
- Mwen libere Depatman Angajman Jèn ak Anplwa tout reklamasyon oswa responsablite ki anrapò ak patisipasyon m nan pwogram Anplwa SuccessLink lan.
- Mwen otorize piblikasyon tout enfòmasyon obligatwa ak enpòtan ki gen rapò avèk mwen oswa anplwaye ki site anvan an pandan Pwogram Anplwa Jèn SuccessLink lan yon fason pou m konfòme m ak tout egzijans k ap bay enfòmasyon sou endividi k ap patisipe nan pwogram nan. Mwen konprann ke y ap kenbe idantite ak enfòmasyon m konfidansyèl nan fason ki pi pwolonje posib.

Lè mwen siyen annapre a, mwen sètifye enfòmasyon ki anvan ak deklarasyon yo se verite anba risk pou pinisyon pou fo deklarasyon.

X \_\_\_\_\_  
(Siyati Anplwaye a)

X \_\_\_\_\_  
(Dat)

X \_\_\_\_\_  
(Siyati Paran/Gadyen, si jèn nan genyen mwens pase 18 an)

X \_\_\_\_\_  
(Date)